



SONDAJ

MANM ASANBLE TAYLOR DARLING



2024

33 Front Street, Suite 303 - Hempstead, NY 11550 • 516-489-6610 • 516.538.3155 faks • DarlingT@contactme.nyassembly.gov

D epi mwen te kòmanse pakou sa antanke yon mamm asanble Eta New York an 2019, biwo mwen an te abòde epi rezoud plis pase 2,500 pwoblèm elektè yo. Nou toujou ouvri pou aprann plis de sa ou bezwen nan men gouvènman eta a. Pou sèvi bezwen rezidan Konte Nassau nan 18yèm Distri Asanble a pi byen, n ap ba ou opòtinite pou bay opinyon ou sou kèk nan pwoblèm prensipal ki konte pou ou pi plis yo. Tanpri pran yon ti moman pou reponn kèk kesyon sou lojman, lekòl, devlopman ekonomik, ak sekirite piblik. Sonje, antanke mamm asanble w la, M ap travay pou ou, alò li enpòtan pou mwen tande ou dirèkteman. Opinyon ou konte!

Ankèt la an espanyòl ak kreyòl sou sitwèb mwen an. <https://nyassembly.gov/mem/Taylor-Darling>

LOJMAN

1. Dapre opinyon ou, ki popilasyon moun ki pi afekte pa mank lojman nan Konte Nassau a? (Chwazi 1 sèlman)

- Jèn adilt k ap chèche lwe yon apatman
- Jèn adilt k ap chèche achte yon pwopriyete
- Fanmi k ap chèche achte yon pwopriyete
- Granmoun k ap chèche kay ki pi piti
- Envestisè imobiliye (ki enkli pwopriyetè kay k ap chèche achte yon dezyèm pwopriyete)

2. Si nou t ap konstui plis lojman nan Konte Nassau, kisa ki t ap enkyete w? (Tcheke tout sa ki aplike.)

- Afiliyans elèv ki t ap lakoz lekòl yo twò chaje
- Ogmantasyon sikilasyon sou wout la
- Depans pou kontribyab yo
- Eliminasyon espas vè yo
- Chanjman nan peyzaj Konte Nassau
- Lòt (Tanpri endike lòt enkyeted.)

3. Ki pati ki konsène ki ta dwe enplike pou fè Konte Nassau pwogrese pou rezoud kriz lojman an?

- Gouvènman lokal la
- Gouvènman eta a
- Gouvènman federal la
- Òganizasyon non-gouvènmantal yo
- Devlopè prive yo
- Lidè kominotè yo
- Lekòl yo
- Biznis lokal yo
- Legliz ak lòt espas kilt yo
- Lòt (Tanpri endike lòt.)

4. Èske ou te tande pale de Lwa sou Lojman nan pri abòdab nan Enstitisyon Relijye a?

- Wi
- Non
- Pa sèten

5. Èske ou t ap soutni yon plan lidè relijye yo ta fè pou amelyore katye yo lè yo konstui imèb lojman nan teren legliz/espas kilt yo posedè ki egziste, ki ta ouvè pou nenpòt moun achte/lwe kèlkeswa kwayans relijye oswa si li pa kwè?

- Wi
- Non
- Pa sèten

LEKÒL

6. Dapre opinyon ou, èske ou kwè ke lekòl piblik Konte Nassau yo jwenn yon pòsyon finansman ki ekitab nan men gouvènman eta a?

- Wi
- Non
- Pa sèten

7. Yon lekòl charter se yon lekòl piblik ki resevwa fon gouvènman an men li fonksyone nan fason endepandan de sistèm eskolè a. Dapre opinyon ou, kijan ou santi ou pa rapò ak lekòl charter nan Konte Nassau yo k ap resevwa finansman eta a pou fonksyone avèk yon ti sipèvizon?

8. Apati de sa ou konnen de lekòl charter yo, èske ou kwè ke edikasyon timoun yo resevwa a (Tcheke 1 sèlman):

- Bon menm jan ak edikasyon sistèm eskolè a
- Pi bon pase edikasyon sistèm eskolè a
- Pa apwopriye lè ou konpare nivo sistèm eskolè a
- Pa sèten

9. Dapre opinyon ou, kijan ou santi ou fas a yon ogmantasyon lekòl charter nan Konte Nassau?

10. Dapre opinyon ou, eskè ta dwe gen sendika nan lekòl charter yo? Poukisa wi oswa poukisa non?

SEKIRITE PIBLIK

11. Sou yon echèl 1 a 10, kote 1 se pa ditou epi 10 se an sekirite anpil, nan ki pwen ou santi ou an sekirite nan katye ou?

- 1
- 2
- 3
- 4
- 5
- 6
- 7
- 8
- 9
- 10

12. Nan ki zòn ou abite?


- Baldwin
- Freeport
- Garden City
- Hempstead
- Lakeview
- Roosevelt
- Uniondale
- West Hempstead
- Mwen pa abite nan 18yèm Distri Asanble a

13. An jeneral, ki pi gwo pwoblèm sekirite piblik ou genyen? (Tcheke tout sa ki aplike.)

- Vòl
- Vòl machin
- Frape epi kouri
- Kanbriyolaj
- Vyòl
- Agresyon
- Kidnaping
- Vyolans ak zam
- Dwòg
- Ensandi kriminèl
- Vyolans gang
- Asasina
- Lòt (Site lòt la)

Manm Asanble Taylor Darling

33 Front Street, Suite 303
Hempstead, NY 11550



New York State Assembly, Albany, New York 12248



SONDAJ

de Manm Asanble
**TAYLOR
DARLING**

2024

Biltén enfòmasyon sa te enprime sou papye ki resikle.

KAZINO YO PWOPPOZE / DEVLOPMAN EKONOMIK

- 14.** Las Vegas Sands te pwopoze yon pwojè kazino plizyè milya dola nan zòn Kolize Nassau Veterans Memorial. Te gen anpil deba pou pwojè sa ak kont pwojè a. Èske ou panse yon kazino ta bon oubyen pa bon pou rezidan Long Island yo? Tanpri eksplike.

- 15.** Dapre opinyon ou, èdke ou kwè yon kazino ta adapte pou karaktè aktyèl kominote a oswa sa t ap chanje li? Tanpri eksplike.

- 16.** Èske ou gen enkyetid konsènan yon kazino ki ko-egziste nan yon fanmi ki favorab pou fanmi? Tanpri eksplike.

- 17.** Si pwojè kazino sa avanse nan Long Island, ki benefis kominotè ou t ap vle pou devlopè yo mete nan plan global la? Tanpri eksplike.

- 18.** Si pwojè kazino sa pa rve fèt nan Long Island, ki lòt pwojè devlopman ekonomik ou ta renmen pou Konte Nassau konsidere? Tanpri eksplike.